

## Kesyonè evalyasyon sante

TOUT anplwaye DOE, vizitè, ak fanmi dwe ranpli fòm evalyasyon sante a avan yo rantre nan lokal DOE. Yo dwe fè evalyasyon sante sa a chak jou yo rive nan lokal la. Ou ka ranpli evalyasyon sante a tou sou entènèt nan: <https://healthscreening.schools.nyc/>. Lè w ap antre nan lokal la, si w potko ranpli fòm evalyasyon sante a sou entènèt, y ap mande w pou reponn kesyon sa yo.

1. Eske ou te fè eksperyans nenpòt sentòm COVID-19, tankou lafyèv ki nan 100.0 degre F oswa pi wo, fèk gen yon tous, pa ka pran gou oswa pa ka pran sant, oswa souf kout ki kòmanse nan 10 jou ki sot pase yo?
  - Non. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi mwen resevwa rezilta tès dyagnostik COVID-19 (pa tès san) laboratwa konfime ki negatif apre m te kòmanse gen sentòm yo EPI mwen pa gen sentòm depi 24 èdtan. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi mwen pa nan kategori pi wo yo. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.
2. Nan 10 jou ki sot pase yo, èske ou te gen yon rezilta laboratwa konfime ki pozitif pou tès dyagnostik COVID-19 (pa yon tès san) ki te premye rezilta pozitif ou OSWA ki se rezilta APRE 90 jou apre ou te fin gen yon rezilta pozitif avan? Tanpri sonje 10 jou kòmanse konte apati jou yo te teste w la, pa jou ou te gen premye rezilta a.
  - Non. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.
3. Dapre tout sa ou konnen, nan 10 jou ki sot pase yo, èske ou te an kontak pwòch (**nan espas 6 pye pou omwen 10 minit nan 24 èdtan ki sot pase yo**) avèk nenpòt moun ki teste pozitif pou COVID-19 pou premye fwa oswa yo di li gen gen sentòm COVID-19? Yo pa konsidere anplwaye nan klinik ki mete PPE ki apwopriye kòm kontak pwòch nan senaryo sa yo.
  - Non. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.
4. Nan 10 jou ki sot pase yo, èske w te retounen soti nan yon peyi ki gen yon [alèt konsènan sante CDC nivo 2 oswa pi wo](#) oswa yon [eta oswa teritwa US](#) ki pa New Jersey, Pennsylvania, Connecticut, Massachusetts, oswa Vermont?
  - Non. Anplwaye/vizitè a ka antre nan bilding lan.
  - Wi, mwen te andeyò eta a pou mwens pase 24 èdtan, epi mwen te pran oswa pral pran yon tès COVID-19 nan 4yèm jou apre mwen te rive nan Nouyòk. Anplwaye/vizitè a ka antre nan bilding lan.
  - Wi, mwen te andeyò eta a pou plis pase 24 èdtan, epi mwen te pran yon tès COVID-19 nan espas 72 èdtan AVAN mwen te rive nan Nouyòk, mwen te mete m nan karantèn pou omwen twa jou apre mwen te rive nan Nouyòk, epi mwen te pran yon dezyèm tès COVID-19 nan 4yèm jou APRE mwen rive Nouyòk, epi rezilta a negatif pou toude tès yo. Anplwaye/vizitè a ka antre nan bilding lan.
  - Wi, epi mwen pa nan de kategori pi wo yo. Anplwaye/vizitè a pa ka antre nan bilding lan.